# СПОРТ ГҮРЕСЛЕРИНИҢ ОЛИМПИЯ ТҮРЛЕРИН БУННАН БЫЛАЙ ДА РАЎАЖЛАНДЫРЫЎ ИЛАЖЛАРЫ ҲАҚҚЫНДА

**Өзбекстан Республикасы Президентиниң қарары**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2022-жыл 14-февральдағы «Өзбекстан спортшыларының гезектеги жазғы ҳәм қысқы Олимпия ҳәм Паралимпия ойынларында табыслы қатнасыўы ушын таярлық жумысларын жеделлестириў ҳаққында»ғы ПҚ-127-санлы қарарына муўапық, сондай-ақ, спорт гүреслерин олимпия спорт түрлери сыпатында ғалаба ен жайдырыў, жаслар арасынан спортшыларды таңлап алыў системасын жақсылаў, миллий сайланды командаларымыздың абырайлы спорт жарысларында жоқары нәтийжелерге ерисиўин тәмийинлеў мақсетинде:

1. Төмендегилер **2022-2024-жылларда** спорт гүреслериниң олимпия түрлерин (еркин гүрес ҳәм грек-рим гүреси) (кейинги орынларда – спорт гүреслери) **раўажландырыўдың тийкарғы бағдарлары** етип белгиленсин:

спорт гүреслерин халықтын арасында кеңнен үгит-нәсиятлаў, қәбилетли спортшыларды, соның ишинде, спортшы ҳаял-қызларды анықлаў, таңлап алыў **(селекция)** ҳәм оларды профессионал спортшылар сыпатында таярлаўдың жаңа системасын жолға қойыў;

**ҳаял-қызлардың** спорт гүреслери менен шуғылланыўы ҳәм профессионал спортшы болыўы ушын оларды тартыў бойынша кеңнен шөлкемлестириўшилик-әмелий ҳәм үгит-нәсиятлаў жумысларын әмелге асырыў;

спортшыларды **заманагөй илимий-методикалық усыныслар** тийкарында таярлаў арқалы оқыў-шынығыў процесин шөлкемлестириў, олардың теориялық таярлық ҳәм техникалық-тактикалық көнликпелерин жетилистириў, профессионал шеберлигин қәлиплестириў, бул бағдарда жоқары нәтийжелерге ерискен сырт ел тренерлери, төрешилер ҳәм қәнигелерди мирәт етиў;

**Бирлескен гүрес дүньясы** тренерлери ҳәм төрешилериниң оқытыў бағдарламаларынан пайдаланыў арқалы профессионал тренерлер ҳәм төрешилерди таярлаў жәнe олардың маманлығын системалы түрде арттырып барыў;

спорт гүреслери бойынша жергиликли ҳәм халықаралық жарысларды системалы түрде шөлкемлестириў, халықаралық жарысларда қатнасыў, соның ишинде, Олимпия ҳәм Азия ойынларында қатнасыў ҳуқықын беретуғын **лицензияларды қолға киргизиў**

ойынлары циклинде олардың **санын көбейтип барыў;**

спортшылардың профессионал шеберлигин ҳәм тренерлердиң кәсиплик маманлығын арттырыў ушын спорт гүреслери бойынша сырт елли мектеплер менен **бирге ислесиўди раўажландырыў** ҳәм **тәжирийбе алмасыў,**
спорт гүреслерин раўажланған мәмлекетлер менен бәсекилесе алатуғын дәрежеге жеткериў.

2.
**Спорт гүреслериниң олимпия түрлерин 2022-2024-жылларда кеңирек раўажландырыў бағдарламасы** 1-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

Төмендегилер бағдарламаны **қаржыландырыў дәреклери** етип белгиленсин:

спорт ҳәм ғалабалық денетәрбия илажларының календарь режесинде нәзерде тутылатуғын қаржылар;

Қарақалпақстан Республикасының республикалық бюджети, ўәлаятлардың ўәлаятлық бюджетлери ҳәм Ташкент қаласының қалалық бюджет қаржылары;

спорт федерация (ассоциация)лары, қорлар, клублар, сондай-ақ, денетәрбия ҳәм спорт жәмийетлериниң қаржылары;

физикалық ҳәм юридикалық тәреплердиң қәўендерлик қайырқомлықлары;

нызамшылық ҳүжжетлери менен қадаған етилмеген басқа да дәреклер.

3. **2023-жылдан баслап ҳәр жылы дәстүрий тәризде** спорт гүреслери бойынша ер адамлар ҳәм ҳаял-қызлар командалары арасында гезекпе-гезек республиканың барлық аймақларында (олимпия ҳәм халықаралық салмақ категориялары бойынша):

жаслар арасында **Өзбекстан Республикасы Президенти сыйлығы ушын** халықаралық спорт жарыслары;

жас өспиримлер арасында **«7zb3k8!5an-G4and P48x»** халықаралық спорт жарыслары;

жасы үлкенлер арасында **«N32 7zb3k8!5an»** халықаралық спорт жарыслары;

Қорғаныў министрлиги, Ишки ислер министрлиги ҳәм Айрықша жағдайлар министрлиги системасында **«Министр кубоги»,** Мәмлекетлик қәўипсизлик хызмети системасында **«Баслық кубоги»**, Миллий гвардия системасында **«Сәракәрда кубоги»**, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары системасында **«Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баслығы кубоги», «Ўәлаят ҳәкими кубоги»** ҳәм **«Ташкент қаласы ҳәкими кубоги»** жарыслары өткерилетуғыны белгилеп қойылсын.

Спортты раўажландырыў министрлиги (Ш.Махмудов) Өзбекстан Миллий олимпия комитети (О.Қосимов), Өзбекстан спорт гүреслери ассоциациясы (С.Абдувалиев), тийисли жуўапкер министрликлер ҳәм уйымлар менен биргеликте:

үш ай мүддетте усы бәнтте көрсетилген жарысларға пуқта таярлық көриў ҳәм оларды жоқары дәрежеде өткериў бойынша **илажлар режесин тастыйықласын;**

халықаралық спорт жарыслары 2023-жыл 1-январьдан баслап спорт ҳәм ғалабалық денетәрбия илажларының **республикалық календарь режесине киргизилиўин** тәмийинлесин;

халықаралық спорт жарысларында жергиликли гүресиўшилер менен биргеликте жоқары рейтингке ийе болған **сырт елли күшли** гүресиўшилер, **халықаралық** дәрежедеги тренерлер ҳәм төрешилердиң **қатнасыўын тәмийинлесин**;

жоқарыдағы жарысларды өткериў процесин жергиликли ҳәм сырт ел ғалаба хабар қуралларында ҳәм басқа да коммуникация дәреклеринде **кеңнен сәўлелендирсин.**

Туризм ҳәм мәдений мийрас министрлиги (Б.Ибрагимов) жоқарыдағы жарысларды **туристлик маршрутлар объектлери** дизимине киргизсин, оларға сырт ел ҳәм жергиликли туристлерди **тартыў** илажларын көрсин.

4. Қорғаныў министрлиги, Ишки ислер министрлиги, Айрықша жағдайлар министрлиги, Мәмлекетлик қәўипсизлик хызмети, Миллий гвардия, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимлери:

өз системаларында жумыс алып барып атырған хызметкерлер арасында **үш басқышлы** (район/қала, ўәлаят ҳәм республика) **Министр кубоги», «Баслық кубоги»**, **«Сәракәрда кубоги»**, **«Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баслығы кубоги», «Ўәлаят ҳәкими кубоги»** ҳәм **«Ташкент қаласы ҳәкими кубоги»** спорт жарысларының өткерилиўин тәмийинлесин, сондай-ақ, жеңимпаз ҳәм сыйлы орын ийелерин мүнәсип хошаметлеў илажларын көрсин;

усы қарарға муўапық Өзбекстанда өткерилетуғын халықаралық спорт жарысларының жоқары дәрежеде шөлкемлестирилиўинде Спортты раўажландырыў министрлиги ҳәм Өзбекстан спорт гүреслери ассоциациясына **ҳәр тәреплеме жақыннан жәрдем көрсетсин**.

5. Спортты раўажландырыў министрлиги, Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлиги, Өзбекстан Миллий олимпия комитети ҳәм Өзбекстан спорт гүреслери ассоциациясының:

орта арнаўлы, профессионал ҳәм жоқары билимлендириў шөлкемлериниң оқыўшы ҳәм студентлери арасында шөлкемлестирилетуғын **«Бәркамал әўлад»** ҳәм **«Универсиада»** спорт жарысларының бағдарламаларына **спорт гүреслерин киргизиў**;

2023-2024-оқыў жылынан баслап Өзбекстан мәмлекетлик денетәрбия ҳәм спорт университетинде спорт гүреслери бойынша оқыўға қабыллаўдың әмелдеги **мәмлекетлик буйыртпасы параметрлерин басқышпа-басқыш арттырып барыў** ҳаққындағы усыныслары мақуллансын.

6. Спортты раўажландырыў министрлиги (Ш.Махмудов) Өзбекстан Миллий олимпия комитети (О.Қосимов), Өзбекстан спорт гүреслери ассоциациясы (С.Абдувалиев) менен биргеликте:

а) 2023-жылдан баслап:

спорт мектеплери, олимпия ҳәм паралимпия спорт түрлерине таярлаў орайларында спорт гүреслериниң켜 кеминде бир түри бойынша, сондай-ақ, қәнигелестирилген спорт мектеплеринде спорт гүреслериниң еки түри бойынша **секция ҳәм бөлимлер шөлкемлестирсин.** Онда усы секция ҳәм бөлимлерди шөлкемлестириўге бурынғы балалар-жас өспиримлер спорт мектеплери ҳәм олардың филиалларын оптималластырыў ҳәм олардың хызметкерлерин қысқартыў нәтийжесинде босап қалған бюджет қаржылары қаратылады;

спорт гүреслери бойынша Өзбекстан чемпионатлары ҳәм кубоклери **жеңимпазлары** ҳәм **сыйлы орын ийелериниң** (1-3-орынлар), қағыйда тәризинде, биринши гезекте халықаралық спорт жарыслары ҳәм оқыў-шынығыў жыйынларында қатнасыўын тәмийинлесин;

спорт гүреслери бойынша Өзбекстан миллий сайланды командалары ҳәм олардың резерв қурамларының **жергиликли спортшылардан қәлиплестирилиўине** айрықша итибар қаратсын;

спорт гүреслери бойынша Өзбекстан чемпионатлары ҳәм кубоклеринде қатнасатуғын спортшылардың нәтийжелери **сырт елли маман төрешилер тәрепинен баҳаланыўын жолға қойсын;**

б) спорт гүреслери бойынша миллий сайланды командалардың бас тренерлери қатнасыўында аймақларда **жыл даўамында** қәбилетли жасларды анықлаў, таңлап алыў (селекция) ҳәм оларды профессионал спортшылар сыпатында таярлаў сапасын жаңа басқышқа көтериўге қаратылған **оқыў-шынығыў жыйынларын шөлкемлестирсин**;

в) заманагөй илимий жетискенликлер ҳәм инновациялық технологиялардан пайдаланған ҳалда тренер, төрешилер ҳәм басқа да қәнигелердиң кәсиплик шеберлигин турақлы арттырып барыў мақсетинде жергиликли ҳәм сырт ел қәнигелериниң қатнасыўында **семинарлар, шеберлик сабақлықлары, оқыў шынығыўларын** шөлкемлестирсин.

7. **2022-2024-жылларда спорт гүреслериниң олимпия түрлерин раўажландырыўдың мақсетли көрсеткишлери**

тастыйықлансын.

8. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлери Өзбекстан спорт гүреслери ассоциациясы ҳәм Спортты раўажландырыў министрлиги менен биргеликте:

Өзбекстан спорт гүреслери ассоциациясының **аймақлық бөлимлери толық түрде жумыс алып барыўы ушын** зәрүр илажларды көрсин, соның ишинде, олардың финанслық ҳәм материаллық-техникалық базасын беккемлеўге жәрдемлессин;

халықтың арасында саламат турмыс тәризин үгит-нәсиятлаў ҳәм спорт гүреслерин ғалаба ен жайдырыў мақсетинде район (қала) ҳәм ўәлаят көлеминде ҳәўескерлер арасында **спорт гүреслери бойынша жарысларды турақлы шөлкемлестирсин** ҳәм бул мақсетлер ушын тийисли жергиликли бюджетлердиң қосымша дәраматлары есабынан қаржы қаратсын;

2022-2023-жылларда ҳәр бир район (қала)да спорт гүреслери бойынша **ҳәўескер ҳәм профессионал спортшылардан ибарат болған клубларды** шөлкемлестирсин;

жергиликли ҳәм жас тренерлер менен перспективалы спортшылардың спорт гүреслери бойынша сырт мәмлекетлерде шөлкемлестирилетуғын оқыў-шынығыў жыйынлары ҳәм спорт жарысларында қатнасыўына байланыслы процесслерди тийисли **жергиликли бюджетлердиң дәраматлар режесинен арттырып орынланған бөлеги есабынан** қаржыландырылсын.

9. Өзбекстан Миллий телерадиокомпаниясы (А.Хаджаев), Өзбекстан Миллий мәлимлеме агентлиги (А.Кўчимов):

спорт гүреслери бойынша өткерилетуғын жәҳән, континент чемпионатлары, халықаралық жарысларды, соның ишинде, Өзбекстанда өткерилетуғын ҳәм республика бириншиликлери ҳәм халықаралық **спорт жарысларын турақлы түрде сәўлелендириў илажларын көрсин;**

усы қарардың мазмун-мәниси ҳәм әмелий әҳмийетин сәўлелендириўге байланыслы теле- ҳәм радио бағдарламалар, спортшылардың профессионал жумысы ҳаққынд **арнаўлы көрсетиўлер** ҳәм **мақалалар таярласын,** өткерилетуғын брифинг ҳәм пресс-коференцияларды сәўлелендирип барсын.

10. Миллий антидопинг агентлиги (А.Садиков) бир ай мүддетте спорт гүреслери бойынша төмендегилерди нәзерде тутатуғын **бағдарламаны тастыйықласын** ҳәм **әмелиятқа енгизсин:**

спортшылар ҳәм тренерлерди «ашық спорт»қа үгит-нәсиятлаў;

спортта фармакологиялық тәсирге ийе дәри-дәрмақ препаратлары ҳәм басқа да қураллардан дурыс пайдаланыў бағдарында спортшылар, тренерлердиң мәденияты ҳәм билимин арттырыў илажларын өткериў;

спортшыларды антидопинг темаларына байланыслы тийисли оқыў-мәлимлеме материаллары ҳәм ҳәр қыйлы көргизбели мағлыўматлар менен тәмийинлеў;

спортшылар тәрепинен антидопинг қағыйдаларына қатаң әмел етилиўи үстинен нәтийжели антидопинг қадағалаўын әмелге асырыў.

11. Усы қарардың орынланыўын нәтийжели шөлкемлестириўге жуўапкер ҳәм жеке жуўапкер етип спортты раўажландырыў министри **А.И.Икрамов,** спортты раўажландырыў министриниң орынбасары **Ш.Ш.Махмудов** ҳәм Өзбекстан спорт гүреслери ассоциациясының баслығы **С.К.Абдувалиев** белгиленсин және **оларға төмендеги ўазыйпалар жүкленсин**:

қәбилетли жасларды таңлап алыў (селекция) ҳәм оларды профессионал спорт гүресиўшилери сыпатында таярлаў жумысларын нәтийжели **шөлкемлестириў** ҳәм **муўапықластырыў**;

аймақларда спорт гүреслери инфраструктурасын жаратыў ҳәм кеңейтиў бойынша **инвестиция** ҳәм **грант қаржыларын тартыў,** басқа да зәрүр илажларды белгилеў;

спорт гүреслерин билимлендириў мәкемелери, жаслар арасында кеңнен үгит-нәсиятлаў арқалы ғалаба ен жайдырыў, **халықтың бул спорт түрине қызығыўшылығын арттырыў**;

спорт гүреслери бойынша жарысларды өткериў, бул бағдарда халықаралық ҳәм сырт ел шөлкемлери, физикалық ҳәм юридикалық тәреплердиң **қәўендерлик қайырқомлықларын тартыў**;

2022-2024-жылларда спорт гүреслериниң олимпия түрлерин раўажландырыўдың
**мақсетли көрсеткишлерине толық түрде ерисиў;**

усы қарарда белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын **ҳәр ярым жылда keминде бир мәрте сын көзқарастан додалаў,** зәрүр илажларды белгилеў.

16. Усы қарардың орынланыўын додалап барыў, жуўапкер шөлкемлердиң жумысын муўапықластырыў ҳәм қадағалаў Өзбекстан Республикасының Бас министри А.Н.Ариповқа ҳәм Өзбекстан Республикасы Президентиниң кеңесгөйи А.А.Абдувахитовқа жүкленсин.

**Өзбекстан Республикасы**

**Президенти Ш.МИРЗИЁЕВ**

Ташкент қаласы,

2022-жыл 29-июль